

# Chif ki Grangou

Jwè 1-18



Laj 4+




5-10 min

## OBJEKTIF


Fè kat ki gen chif yo koreponn ak Kat ki Gen Pwen ki koresponn avèk li a.

## KAT POU UTILIZE


Kòmanse avèk:



Kat ki gen nimewo  
0-3



De  
0-3




10 kare  
0-3

Pou kontinye jwe: chwazi plis kat epi chwazi yon gwoup kat alafwa:



Kat ki gen nimewo  
4-10



Sèk  
0-3



Pwen ki gaye  
0-3



Pwen nan yon lòd  
espesifik  
0-3

## KÒMAN POU JWE

1. Ranje kat ki gen chif yo an liy nan lòd 0-3. Toudabò, ranje kat yo ansanm ak timoun yo. Lè timoun yo pare, mande yo pou yo ranje kat yo poukont yo.



2. Melanje kat ki rete yo. Mete kat yo nan yon pil fas anlè.

3. Lonje dwèt sou kat ki gen chif yo epi di: “Chif sa yo grangou!”



Après, lonje dwèt sou pil kat ki gen fas anlè a epi di: “Kat ki gen chif yo kapab manje Kat ki Gen Pwen yo nan pil sa a. Men, yo kapab manje sèlman kat ki koresponn avèk chif yo a”.



4. “An nou gade kat ki anlè tèt pil la. Konbyen pwen ki gen la a?”



5. “Wi, gen de (2) pwen. An nou mete kat sa pa anlè kat ki gen chif 2 a pou yo kapab manje li!”



6. Jwèt la ap kontinye tank timoun yo ap bay kat ki gen chif yo “manje” youn apre lòt. Jwèt la fini lè yo fin “manje” tout kat ki gen nan pil la.

*Note sa:* Ou kapab itilize asyèt, panye oswa lòt resipyan nan jwèt sa a. Mete kat ki gen chif yo kòm etikèt sou resipyan yo epi mande timoun yo pou yo triye kat ki gen pwen yo nan resipyan ki apwopriye yo, yo fason pou yo “manje” yo.

## KONSÈY POU JWE

- Ou kapab itilize jwèt *Chif ki Grangou* a antanke yon aktivite pou tranzisyon, pa egzanzp, bay chak timoun yon Kat ki Gen Pwen epi mande li pou li fè kat ki gen chif ki koresponn ak kat la manje li, anvan li kite tab la.

## KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Timoun yo gendwa kapab rekonèt epi di konbyen pwen ki genyen, sitou pou chif ki pi piti pase 4 yo. Se yon konpetans ki rele sibitizasyon, epi li pèmèt ou poze baz pou vin gen konpetans nan matematik.
- Nan jwèt sa a, timoun yo konekte kantite pwen ki sou kat yo ak chif ekri ki reprezante kantite sa yo. Pa egzanp, yo ranje 5 pwen yon fason ki diferan sou kat yo, men, se chif ekri “5” lan ki reprezante yo tout.

## SIJÈ MATEMATIK

Nimewo: Konte ak Kadinalite

## VIDEYO



### Gade Videyo Jwèt

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlijan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Chif ki Grangou*.